*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*



# «Уллы жолда ҳақ сөз айтып»

# Гулнара Нурлепесованың

**(биобиблиографиясы)**

*Нөкис - 2021 жыл*

# *Кирисиў*

Кеўлим-дәрья, толып-тасып туўылған,
Иләҳийда аппақ нурға жуўылған,
Таслы жолда талай сапар қайралып,
Алыстағы ақ сағымға жуўырған.

Тас төбемде семсер ойнап турса да,
Ғәнимлер сездирмей дузақ қурса да,
Туўрылықтан тайынып ҳеш көрмедим,
Салмадағы гәўҳар суўлар тынса да. («Кең пейиллик» қосығынан)




Жоқарыдағы қатарлар талантлы шайыр ҳәм журналист, жәмийетлик искер, «Дослық» ордениниң ийеси Гүлнара Нурлепесованың қәлемине тийисли. Ҳақыйқатында да жоқарыдағы қатарларда айтылғандай ең жақсы пазыйлетлерди бойына жәмлеген шайыра елимизде дөретиўши инсанларға айрықша итибар қаратылып халқымыздың руўхый дүньясын, мәденияты менен мәнаўиятын байытыў жолындағы ийгиликли ислер ҳәр тәреплеме қоллап-

қуўатланып келинбекте. Бул әзелден халқымызға тән болған әдебиятқа, мәдениятқа, көркем-өнерге, дөретиўшиликке деген айрықша меҳир ҳәм итибардың көриниси саналады. Халқымыздың ҳақ кеўилин, көп әсирлик арзыў әрманларын, умтылысларын билмекши, аңлап жетпекши болсаң, ақыл зәкаўат пенен жаратылған халық дәстанларына, уллы шайырлардың тәсиршең шығармаларына мүрәжат етсең, әлбетте көп мәни табасаң. Оның дәслепки қосықлары ақ оның халқына ҳәм оның дәстүрлерине садықлығын көрсетер еди ҳәм усы тәрепи менен оқыўшылардың кеўлинен жай алды. Г.Нурлепесова бир қанша поэтикалық топламлардың ийеси. 1992-жылы «Қайлардасыз, гүмис булақлар?!», 1994-жылы «Ҳаслы нашар демең бизди, ағалар!», 2011 –жылы «Ақ сағымлар» қосықлар топламлары қарақалпақ тилинде, 2014-жылы «Суянчиғим» қосықлар топламы өзбек тилинде басылып шықты. 2020-жылы балаларға арналған «Өпепек» қосықлар топламы жарық көрди. 2021-жылы «Сен маған жалғызсаң», 1994-жылы Қарақалпақстан Жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты болды. 2004-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Ҳүрмет жарлығы», 2021-жылы «Дослық» ордени менен сыйлықланды. Ол 2005-жылдан баслап Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.



Г.Нурлепесованың қосықларының темасы рәң-бәрең. Ол қайсы қосығын жазса да шын жүрегин ашып, кеўлиндеги гәплерин жасырмай жазады. Өзиниң кеўлиндеги пикирлери, толғанyслары менен ҳәр бир таза кеўилге нур бағышлағысы, ой салғысы келеди. Халқының кеўлинен жай алғысы келеди.

Бабамлардың айтқан дәстан жырларын,

Жырындағы мириўбетлик нурларын,
Бизге келип жетпей қалған сырларын,
Көксиме гүл етип таққым келеди.

Гүлдиң нары болып, қырмызы болып,
Көгиндеги жарық жулдызы болып,
Ел хызметиндеги бир қызы болып,
Халқымның кеўлинде қалғым келеди.

(«Халқымның кеўлинде қалғым келеди» қосығынан)






Қәнигелиги журналист болғаны ушын Г.Нурлепесованың пүтин мийнет жолы усы тараўдың машақатқа толы жолда өзин жетилистириў менен өтти. Оның мийнетлери халық тәрепинен де, ел басшылары тәрепинен де ылайықлы баҳаларын алып киятыр. Салмақлы хызметлери бар тәжирийбели журналист сыпатында жәмийетшилигимиз оның мийнетлерин баҳалады. Быйылғы жылы Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёевтың қолынан «Дослық» орденин алыўы да бизиң пикирлеримиздиң айқын дәлили болады. Шайыраның қосықлары поэзиямызда өз орнына ҳәм даўысына ийе шайыра болып жетилгенин көрсетеди. Шайыра өз дәўириниң қәдемлерине ҳәм заманласларының жүрегине үңиледи-усы тийкарда өзиниң өмирлик философиясын жаратады. Г.Нурлепесованың «Сен маған жасаўды үйрет, әй дарақ», «Инсап бериң», «Әй адамзат», «Өмир бул», «Дүнья мени», «Туўры жол», сыяқлы бир қатар қосықларында сәўлеленген.

Бул дүньяда қыйын, тәшўишсиз жүрмек,
Тәшўишлер де дәрттен туўылар, демек,
Дәртимде, шерим де өзимде қалсын,
Шайыр болып айтар сөзимде қалсын. («Мейли, ҳеш ким еситпесин
дәртимди»қосығынан)

Қәлемкеш өзиндеги өмирге муҳаббатты халқынан-оның руўҳый байлықларынан, үрп-әдетлери ҳәм дәстүрлеринен алады. Г.Нурлепесова өзиниң қәлемине нәр берип киятырған руўҳый сағаларын улығлай биледи, оның шығармалары жасларға кәмил инсан болыўға умтылыў жолында зәрүр үлгилерди береди. Оның қосықларының итибарға ылайық тәрепи сонда, ол жәмийетлик мәнини өз жүрегинен өткерип бере алады.

Ҳәр ким ушын қәдирли өз ошағы,
Ўатан деген босағадан басланар.
Пайтахтым Нөкистиң гөззал қушағы,
Мийримли анамды ядыма салар…
(«Ўатан туйғысы» қосығынан)

Шайыраның «Әзиз халқыма», «Ана тилиме», «Шеңгел гүли» сыяқлы қосықлары оларда айтылған ой-пикирлердиң анықлығы ҳәм жыйнақлығы менен ядта қалады. Шайыра өз шығармаларында бизиң ҳәр бирimиздиң ишки дүньямызды ашып береди, бизлердиң атымыздан туўылған жерге ҳәм халқымызға деген сүйиспеншилигимизди жырлайды. Г.Нурлепесованың «Сен маған жалғызсаң» деп аталған жаңа қосықлар топламы да поэзия ықласбентлери ушын әжайып саўға болады. Бул топламда шайыра өз дәўириниң қәдемлерине ҳәм заманласларының жүрегине үңиледи-усы тийкарда өзиниң өмирлик философиясын жаратады.

## Гулнара Нурлепесованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети

Нурлепесова Гүлнара Жүгинис қызы 1961-жылы Қараөзек районының «Қараөзек» совхозында дүньяға келген. Ташкент мәмлекетлик университети (ҳәзирги Өзбекстан Миллий университети) ниң журналистика факультетин тамамлаған. Соң өзиниң дөретиўшилик өмир жолын «Жас Ленинши» ҳәзирги «Қарақалпақстан Жаслары» газетасынан баслаған ол

дәслеп арнаўлы хабаршы, соң бөлим баслығы болып жумыс иследи. Оннан кейин «Қарақалпақстан ҳаўазы» газетасында жуўаплы хаткер-бас редактордың орынбасары, «Жеткиншек» газетасының бас редакторы, Нөкис қаласы ҳәкиминиң орынбасары-қалалық ҳаял-қызлар комитетиниң баслығы, «Қарақалпақ әдебияты» газетасы бас редакторының орынбасары лаўазымларында қырық жылға жақын жемисли мийнет етти.
Өзиниң дөретиўшилик мийнет жолын «Жас Ленинши» ҳәзирги Қарақалпақстан жаслары газетасынан баслады. Бул газетада ол арнаўлы хабаршы,бөлим баслығы болып жемисли мийнет етти. Усы газетада ислеп жүрген жылларда баспасөз бетлеринде жәрияланған публицистикалық шығармалары ушын Қарақалпақстан Жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты болды.

Гүлнара Нурлепесова шайыр сыпатында да өз ықласбентлерине ийе.1992-жылы «Бес гүл»топламының ишинде «Қайлардасыз,гүмис булақлар?!», 1994-жылы «Ҳаслы нашар демең бизди,ағалар!»қосықлар топламлары менен поэзия ықласбентлериниң жүрегине кирип барды. «Ана журтым», «Қызларымды қызғанаман»атлы қосықлары халқымыздың жүрек сезимлерине қозғаў салатуғын сүйикли қосықларға айланды. «Ақ сағымлар» (2011), «Суянчиғим»( 2014),балалар ушын жазылған «Өпепек»( 2020), «Сен маған жалғызсаң»( 2021 ) қосықлар топламлары да қосық сүйер халқымыз тәрепинен жыллы жүзлилик пенен күтип алынды.



Усы жылы Г.Нурлепесованың мийнетлери Президентимиз тәрепинен жоқары баҳаланып,«Дослық» ордени менен сыйлықланды.Бул оның қырық жылға шамалас пидайылық пенен ислеген мийнетлерине берилген әдил баҳа болды.Енди ол тағы да йошланып қосықлар жаза береди деген исенимдемиз.Оның алпыс жыл ишинде басып откен ашақатлы өмир жолы бүгинги жасларымызға ибрат болары сөзсиз.Юбилярымызға беккем ден саўлық ,узақ ҳәм мазмунлы өмир,дөретиўшилик ислеринде таўдай табыслар тилеймиз.



### *Гүлнара Нурлепесованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети тийкарғы сәнелер*

1961 – Нурлепесова Гүлнара Жүгинис қызы Қараөзек районының «Қараөзек» совхозында дүньяға келген.

1978 - Ташкент мәмлекетлик университети (ҳәзирги Өзбекстан Миллий университети) ниң журналистика факультетине кирген.

1978-1980 ҚҚ мәмлекетликтелерадиокомпаниясында ис-жүритиўши.

1980-1984 «Қарақалпақстан жаслары» газетасында хабаршы.

1984-1994 «Қарақалпақстан жаслары» газетасында бөлим баслығы.

1994-1998 «Қорақалпоғистон овози» газетасында бас редактор орынбасары.

1998-2010 Республика балалары ҳәм жас өспиримлердиң «Жеткиншек» газетасында бас редактор.

2010-2014 Нөкис қаласы ҳакими орынбасары – қалалық-ҳаял-қызлар комитети баслығы.

2014-жылдан 1915- жылға шекем «Жеткиншек» газетасында әдебий мәсләҳәтши.

2015-жылдан 1918-жылға шекем «Қарақалпақ әдебияты» газетасында бас редактор орынбасары.

2018- жылдан еркин дөретиўши.

***Гүлнара Нурлепесованың алған атақ ҳәм сыйлықлары***

1994-жылы Қарақалпақстан Жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты болды.

2004-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Ҳүрмет жарлығы» менен сыйлықланды.

Ол 2005-жылдан баслап Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.

2021-жылы «Дослық» ордени менен сыйлықланды.

## *Гүлнара Нурлепесоваваның шығармалары қарақалпақ тилинде*

1992

Бес гүл: қосықлар.- Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. -85б.

1992

Қайлардасыз,гүмис булақлар?!: Қосықлар.- Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.-120 б.

1994

Наўриздың қары : [қосық] // Нөкис ҳақыйқаты. – 1994. – 26 март.

1994

Ҳаслы нашар демең бизди ағалар!. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1994. – 84 б.

1998

Бәҳәр; Досларыма дегенлерим…: [қосық] // Қарақалпақстан жаслары. – 1998. – 5 март.

1998

Қәбириң басында : [ Бул қосықты марҳум анам Мийригүлдиң әкеси, атам Қазақбай шайыр Хожанияз улының руўхына бағышлайман] // Қарақалпақстан жаслары. – 1998. – 26 март.

1998

Жаңа күним мүбәрек, халқым! : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 1998. – 21 март.

2006

Ана халқыма : [қосық: Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Гулпаршын Сырымбетованың монологы] // Еркин Қарақалпақстан. – 2006. –7 март.

2009

Муғаллимлерге бағышлаў : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2009. – 1окт.

2011

Ақ сағымлар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2011. – 104 б.

2011

Ўатан туйғысы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2011. – 104 б.

2013

Бул дүньяның бахты сизлерсиз, қызлар! : [қосық] // Нөкис ҳақыйқаты. – 2013. – 8 март

2014

Ўатан туйғысы : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2014. – 4 сент.

2014

Суянчиғим [Матн]. – Тошкент: Tafakkur qanoti, 2014. – 168 б.

2014

Туўылған жерим; Инсап бер : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2014. – 8 март.

2015

Шәшме един : [қосық халқымыздын сүйикли шайыры Мухаммед Юсуфтың жарқын естелигине] // Еркин Қарақалпақстан. – 2015. – 9 май.

2015

Туўысканлық туўы : [косық Зульфия шайырдың 100 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. – 2015. – 12 февр.

2015

Зульфия қызларына; Әй, долы қыс.: [қосық] // Қарақалпақстан жаслары. – 2015. – 5 март.

2016

Сен маған жасаўды үйрет, әй дарақ! : [қосыклар] // Еркин Қарақалпақстан.– 2016. – 11 авг.Мазмуны: Саратан; Ана тилиме.

2016

Гүз ҳаққында қосық : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2016. – 29 окт. Дүнья шадлық сазын шалған...: [қосық] // Қарақалпақстан жаслары. –

2016

Кўнгул, Оғаларим : [шеър] // O'zbekiston adabiyoti va san'ati. – 2016. – 29 июл.

2018

Әдебият - тәлим - тәрбия қуралы // Әмиўдәрья. – 2018. – № 3. – Б. 75 – 79.

Шырт уйқыдан турсам...; Жүрегиме жамғыржаўды...; Қызым, маған... [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. –2018. – 5 апр.

2018

Поэзия - шынлық сәўлеси : ["Қарақалпақ әдебияты" газетасында жарық көрген поэзиялық дөретпелерге шолыў] // Әмиўдәрья. – 2018. – № 2. – Б. 106 – 110.

2019

Балықшы қызының бахты : [Очерк] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 31окт.
Мойнақ районының «Таллы өзек» мәкан пуқаралар жыйынының баслығы «Меҳнат шухрати» ордени ийеси Бийбихан Утамбетов пенен бүгинги жумыслары ҳаққында.

2019

Мен сени сағынаман, Байшубар!: [Шабандоз қыз Тоқтагүл Шалабаева ҳаққында очерк] // Қарақалпақстан жаслары. – 2019. – №.22.

2019

Поэзия – кеўил мүлки : [«Еркин Қарақалпақстан» ҳәм «Қарақалпақстан жаслары» газеталарында жәрияланған поэзиялық дөретпелер туўралы] // Әмиўдәрья. – 2019. – № 3. – Б. 115 – 119.

2020

Биз сени жеңемиз, коронавирус : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 4 апр.

2020

Қосықлар жүректен жазылса ғана…: [«Қарақалпақ әдебияты» газетасының 2019 жылғы санларында жәрияланған бир қатар шығармалар ҳаққында] // Әмиўдәрья. – 2020. – № 2. – Б. 98 – 103.

2020

Сынаўдан мәрдана өтейик, халқым !: [қосық] // Қарақалпақ әдебияты. – 2020. – июнь – июль.

2020

Шеңгел гүли : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 14 май.
Мазмуны: Саялы байтерек; (Шайыр Ибрайым Юсупова); Бәҳәрайым;

2020

Әжапа. Өпепек: қосықлар.- Нөкис: Қарақалпақстан, 2020. -62б.

2021

Ой түбинен сөз тердим : [қосық] // Қарақалпақ әдебияты. – 2021. – июнь - июль.
Мазмуны: Сен мениң айым; (Қызым, Наргизаға); Досларыма дегенлерим…; Ана тилиме; Туўры жол; Сәўкеле; Болар.

2021

Сен маған жалғызсаң : қосықлар. – Ташкент: “TURON – IQBOL», 2021. – 136 б.

2021

Сүмелегиң татлы болғай, қоңсылар ! : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2021. – 20 март.

2021

Ой түбинен сөз тердим, Ким тыңлайды муңымды:[Қосық] // Қарақалпақ әдебияты.-2021.- №6-7.

2021

Сен маған жалғызсаң.- қосық.-Ташкент: 2021.- 135 б.

## Г. Нурлепесова ҳәм оның шығармалары ҳаққында


Аҳмаджанова, М. Тахир ҳәм Зухра: «Тахир ҳәм Зухраның ышқы – муҳаббаты, лала сейилинде» бөлиминен үзинди / Муқаддасбону Аҳмаджанова; қарақалпақшалаған Гүлнара Нурлепесова // Қарақалпақ әдебияты. – 2020. – окт. – нояб. – дек.

Ембергенова, Г. Әдебиятымыздың жарасықлы гүллери: [жас шайыр қызлар Г. Нурлепесова, Ш. Пайзуллаева, Ш. Пахратдинова, З. Қожықбаева ҳәм Н. Тилеўовалардың қосықлары ҳаққында] // Әмиўдәрья. – 1993. - № 5 – 6. Б.84 – 85.

Қалыбаева, З. Аналарды көкке көтерер Гүлнара: [Шайыр Гүлнара Нурлепесова ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. – 1994. – 4 июнь.

Қонысбай Қутмағамбет. Асқақтай бер, Астана! [Ақын Гүлнара Нурлепесова ҳаққында] // Достық үні. – 1998. № 12. – июль.

Нуржанова, П. Ақ сағымлардағы мәртлик руўхы: [Шайыр Гүлнара Нурлепесова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2011. – 3 нояб.

Султанов, А. Гүлнараның дөретпелеринде жаслар турмысының сәўлелениўи : [Журналист Гүлнара Нурлепесова ҳаққында] // Нөкис ҳақыйқаты. – 1994. – 19 март.

Турдышова, Г. Наны жуқа, мийнети аўыр кәсипти таңлап…: [Шайыр Гүлнара Нурлепесова ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. – 2006. – 6 апр.

Эрбен Яромир К. Ақыл ҳәм бахыт : [Жәҳән әдебияты] / Карел Яромир Эрбен; / қарақалпақшаға аўдарған Гулнара Нурлепесова // Қарақалпақ әдебияты. – 2021. – июнь – июль.



Таярлаған: А.Арзымбетова.

Редакторлаған: Г.Тажимуратова.